# M.NIZANOV SHIǴARMALARI TILINDE LEKSOPRAGMATIKALIQ BELGILERDIŃ QOLLANILIWI. ("JAT JURTTAǴI JETI KÚN" SHIǴARMASI MISALINDA)

*Ilimiy basshı:* **Qazaqbaeva A**
*Magistrant:* **Begmanova M**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Annotaciya:** *Bul maqalamızda qaraqalpaq xalıq jazıwshısı M.Nızanovtıń "Jat jurttaǵı jeti kún" shıǵarmasında pragmatikalıq belgilerdiń qollanılıwı kórip shıǵıldı.*
**Gilt sózler:** *Pragmalingvistika, pragmatika, metafora, ironiya.*

Pragmatika – til biliminiń jańa, biraq tez rawajlanıp baratırǵan tarmaǵı bolıp, til birlikleriniń anıq kommunikativ jaǵdayda qollanılıwın izertleydi. Ol sóz, gáp yaki teksttiń tek grammatikalıq hám semantikalıq dúzilisin emes, al sóylewshiniń maqseti, adresat faktorı, kontekst, jaǵday hám mádeniy norma sıyaqlı faktorlar menen baylanısın qamtıydı. Pragmatikalıq qaras til birlikleriniń janlı kommunikaciyada qanday mánige iye bolıwın túsindiriwge múmkinshilik beredi. Yaǵnıy, insannıń jámiyetlik iskerligin ózinde sáwlelendiriwshi sóylew, pikir alısıw jaǵdayında kózge taslanatuǵın process, sóylew iskerligine tán kommunikativ niyet, sóylew iskerligine baylanıslı jaǵdaydıń tásiri menen baylanıslı máselelerdi úyrenedi.

Pragmalingvistika júdá qısqa waqıtta óz izertlew obyektin tiykarǵı maqset hám wazıypaların anıqlap, til biliminiń ǵárezsiz baǵdarına aylanıp úlgerdi[1;256].

Biz bul maqalamızda belgili jazıwshı M.Nızanovtıń "Jat jurttaǵı jeti kún" shıǵarmasında qollanılǵan pragmatikalıq belgiler boyınsha toqtalıp ótpekshimiz. Shıǵarmada qaharmanlar ortasında bolıp ótken dialoglarda pragmalıq belgiler júdá kóplep ushırasadı. Mısalı: Eger atlardıń aqıl-oyı rawajlanıp ketip, bizdi aylawǵa qosqanda qayter ediń? Qamshınıń zarpına shıdamay shawa bereseń. Yamasa, plan ushın góshke tapsırıp jiberedi[2;5]. Bul mısalda jazıwshı adam menen haywan arasındaǵı ayırmashılıqtı, ayırım insanlardıń belgilep qoyılǵan muǵdardı orınlaw ushın heshnárseden qaytpaytuǵınlıǵın, hátte haywanlarǵa tán belgilerdiń insan gewdesinde sáwlelenetuǵının, haywanlarǵa jawızlarsha múnásibette bolıwın aytpaqshı bolǵan.

"Shar soǵıp alǵan adamlar" taǵı da eki adım ilgeriledi.

- Háy, bermanıraq keliń, - dedi olardıń biri taǵı da. Bul iret olardıń tildi shalaraq biletuǵını sezilip qaldı.
- Ánekey, ayttım ǵoy, basqa planetadan kelgen dep. Hátte tildi shala biledi.
- Házir hámme de tildi shala biledi[2;7]. Bul mısalda házirgi kúnde ayırım insanlardıń shet tillerinen birewin tolıq mengermesten, ekinshisin úyreniwi, onı tolıq úyrenip almastan barlıq tildi bilemen dep, óz ana tilinde de taza sóyley almawın názerde tutqan.

Múmkin, oyaqtaǵı vrachlar onsha táme etpeytuǵın shıǵar[2;9]. Bul arqalı jazıwshı jámiyetimizde ushırasatuǵın ayırım náinsap insanlardıń korrupciyaǵa jol beriwi, paraxorlıq sıyaqlı jaman illetti xosh kóriwin súwretlemekshi bolǵan.

Bileseń be, seniń zamanlaslarıń qanday qúdiretli islerdi ámelge asırıp atır? Olardıń qúdireti pútkil bir teńizdi joq qılıp jiberiwge jetkende, sen álle qanday bir úsh kózli adamnan qorqıp otırsań[2;9]. Pútkil bir teńizdi qurtıp jiberiw sózi arqalı Aral teńiziniń házirgi ahwalı názerge tutılmaqta. Yaǵnıy, adamzat is-háreketi nátiyjesinde (suw resursların nadurıs paydalanıw, irrigaciya siyasatı) qurıp qalǵan Araldıń ullı ekologiyalıq apatqa aylanǵanın, bul jaǵday adam qúdiretiniń tábiyatqa qarsı qanshelli kúshli tásir etkenligin, haqıyqıy qáwip qıyalıy qaharmanlar emes, ózimizdiń is-háreketimiz ekenligin aytpaqshı bolǵan.

Bizde hawa oǵırı jeńil hám taza. Jerden kelgen bul adamnıń ókpesi bunday taza hawanı qabıl etip kórmegen...Em meniń ókpemniń talabın qanaatlandırıw ushın hárqıylı rezinalardı kúydirip sasıtıp, ayrıqsha jaǵdaylarda ǵana qollanatuǵın bir neshe túrli jaman iyisli gazlerdiń tetigin ashqan eken[2;13]. Bul qatarlar arqalı jazıwshı hawa negizinde taza bolıwı kerekligi, biraq global mashqala dárejesine kóterilgen ekologiyalıq apatshılıq nátiyjesinde hawamızdıń pataslanǵanlıǵın, buǵan qosa hárqıylı sebepler nátiyjesinde de hawanıń pataslanǵanın pragmalıq usılda sheber súwretlep bere alǵanın kórsek boladı.

Etlerimnen birnárseler bólinip atırǵanday. Tula boyım jımbırlap atır. Shama menen bir saatlardan keyin meni vannadan shıǵarıp aldı. Vannadaǵı suwdı Em basqa bir kauchik ıdısqa quydı da, ústinen bir stakan bólek alıp, awzın bastırdı.

- Suwın tógip keleyin, - dedim kúni menen kókiregim qarańǵıǵa ketip qalǵanınan qısınıp.

Úy iyesi kúlip, basın shayqadı.

- Bunı tógiwge bolmaydı, - dedi ol. – Suwda birneshe túrli uwlı zatlar bar. Ol tógilgen jerdegi shóp-shardı quwratıp jiberedi[2;18]. Bul qatarlardaǵı "uwlı zat" degen metafora arqalı ekologiyalıq apatshılıq sebebinen insanlardıń densawlıǵı jaqsı emes ekenligin, insan denesindegi hárqıylı kesellikler, infekciya hám mikroplar názerde tutılǵan. Hátteki bul uwlı zatlar dep turǵan zattıń tek ǵana tábiyat ushın emes, bálkim insaniyat ushın da oǵırı qáwipli ekenligin aytpaqshı bolǵan.

- Siziń planetańızdan dushshı suw áketpekshimen, - dedim biypárwa ǵana. – Ornına qálegenińizshe kebir topıraq beremiz[2;19]. Bunda jazıwshı Aral teńizi apatshılıǵı menen baylanıstırıp, onıń ultanındaǵı suwlardıń qurıp ornı duzlı topıraqqa aylanǵanın, ishimlik suwınıń júdá azayıwı, al kebir topıraq kóp muǵdarda ekenligin astarlı mánide shıraylı formada súwretlep bere alǵan.

- Jer júzilik okeanǵa tutaspaytuǵın kishkene bir teńizimiz bar edi. Onıń jaylasqan ornı bizge qolaysız sezile basladı.Tájiriybe ushın usı teńizdi kóshirip, ornına paxta yamasa salı ekpekshi boldıq. Onı onlaǵan jıldıń ishinde órge qaray mayda-mayda teńizsheler etip tasıp aldıq. Endi qarasaq, onıń ornında suw turmasa bolmaydı eken. Órdegi teńizshelerdi de buzǵımız kelmey tur.

- Tábiyat penen óytip házillesiwge bola ma?

- Házillesiw degen ne? Biz onı álleqashan baǵındırıp qoyıppız[2;20]. Bul dialog ta Aral teńizi apatshılıǵı súwretlengen. 1960-jıllarǵa shekem maydanı boyınsha dúnyada tórtinshi orında turǵan teńizdiń qurǵawı insannıń óz qúdiretine asıra isenip, aqıbetin esapqa almawı

nátiyjesinde júz bergenligi názerde tutılǵan. Insannıń tábiyatqa zorlıq penen aralasıwı aqıbetinde ózi zıyan kórgenin astarlı mánide túsindirmekshi bolǵan.

Biraq meniń bildigimshe bularda ekskavator bolmasa kerek. Sebebi, jol boyı bir de ekskavatordıń kósheni qazıp atırǵanın kórmedim[2;21]. Keltirilgen mısalda házirgi turmısımızda ekskavatordıń kóshe qazıwı kóplep ushırasatuǵının, geybirewleri jańadan tóselgen tas jollardı qayta buzıp atırǵan bolsa, geybirewleri jolshıraqlardıń jalǵamaların bir-biri menen qayta jalǵaw arqalı jańartıw jaǵdaylarınıń ushırap atırǵanın, al bazıları bolsa suw jolların jónlew ushın qollanılıp atırǵanın túsinsek boladı.

Leksemanıń sırtqı formalıq tárepi onıń mazmunı ushın áhmiyetsiz bolıp, sistemalı til bilimi leksemalardıń ishki mazmunlıq tárepine tiykarǵı dıqqattı qaratadı hám de jekkeliklerdiń jámlenbesi sıpatında forma hám baylanısın talqılaydı[3;176].

Pragmatikanıń túp negizinde tekstte jasırın mánilerdiń qollanılıw ózgesheligi jatadı. Tekstte jasırın mánini qollanıwdan maqset kimnen bolsa da belgili bir xabar kórinisiniń sır saqlanıwı bolıp tabıladı. Bul sıyaqlı jasırın mániler jazıwshı shıǵarmasında júdá kóp qollanılǵan.

- Jer sopaqlaw, domalaq halatta bolıp, onıń beti mudamı hárqıylı shańǵıtlar menen, ashshı tútinler menen qaplanıp turadı[2;22]. “Shańǵıtlar menen, ashshı tútinler” sózleriniń túp negizinde azon qatlamınıń jemirile baslaǵanın, atmosferamızdıń taza emesligi, hawanıń pataslıǵı, oǵan alıp keliwshi faktorlardıń hámmesiniń túp tamırında insan qolı menen jaratılǵan zatlar jatatuǵınlıǵın ańlasaq boladı.

Jerde jasawshı xalıqlar bizdegidey hámmesi jıynalıp bir mámleket emes, olar qır dógeregi suw menen qorshalǵan az ǵana qurǵaqshılıqtı qıytaq-qıytaq etip bólip alǵan. Bul qıytaqlardı olar ózleriniń “ásker” dep atalıwshı toparları menen suwıq qural jaraqlar arqalı qorǵap turadı. Adamları mudamı bir-birine ótip ketip, tóbeles boladı. Olarda sonday-aq, bizdegidey ushatuǵın shar hám tarelkalar emes, al súyir qanatlı temir quslar bolıp, olar adamlardı mingizip jerden az ǵana biyiklikte qıdırtıp júredi. Geyde bul súyir qanatlı temir quslar Jerge jarılatuǵın bir nárseler ılaqtıradı... [2;22]. Keltirilgen mısalda jazıwshı “suwıq qural”, “súyir qanatlı temir quslar” sıyaqlı metaforalardan qollanıw arqalı pragmatikalıq usıldan sheber paydalanǵan. Bul sózlerdiń astında áskeriy qural-jaraqlar, sonday-aq, texnika quralları esaplanǵan samalyot, vertalyot sózleri jasırınǵanın kórsek boladı.

Al, shınında biz bir-birimizden heshqanday gúdiksiz jasaymız. Jańaǵı tóbelesip júrgenler, olar sportshılar. Jortaǵa “urıs-urıs” oynap, dene shınıqtıradı[2;22]. Bunda jazıwshı insanlar arasında aldawshılıqtıń bolatuǵınlıǵın, bir-birine gúmán názer menen qaraytuǵın jaǵdaylar jámiyetimizde kóplep ushırasatuǵının astarlı mánide aytqan. Sonday-aq, “urıs-urıs oynap, dene shınıqtıradı” sózi arqalı haqıyqattı jasırǵan. Sebebi, haqıyqıy “urıs” teması astında qanshadan-qansha kewilsiz jaǵdaylardıń bolatuǵının sır bermew maqsetinde tuwrı mánide qollanbaǵan

- ...Sonda shınjır dóńgelekli ústinde uzın morısı bar bir nárse kórgenmen. Onnan ot shıǵıp atıladı eken. Bunı ne maqsette qollanasız?

- Jerdegiler onı shımshıq awlaw ushın oylap tapqan edi[2;22].

Joqarıdaǵı mısalda jazıwshı urısta qollanıwshı texnikalardıń atın, hátteki onı ne maqsette qollanılıwın da tuwrıdan-tuwrı aytpastan astarlı mánide sheberlik penen súwretlep, jetkerip bere alǵan. Bul álbette jazıwshınıń sheberliginen derek beredi.

- Sonda teńiz betinde ólip atırǵan balıqlardı kórdim.

- Bizlerdegi balıqlar suwdıń ústine shıǵıp, qarnın táńkiytip uyqılaydı[2;25]. Shıǵarmadaǵı qaharman sáwbet barısında "teńiz" sózi arqalı biziń Aral teńizimizdiń quwrawı, ólip atırǵan balıqlar bolsa, Araldaǵı balıqlar ekenligin bilse de, onı tuwra mánide qollanbaǵan. Hátte "balıqlar qarnın táńkiytip uyqlaydı" dep qollanıwında suwdıń pataslıǵı nátiyjesinde de balıqlardıń ólip atırǵanlıǵın, turmısımızda júz berip atırǵan waqıyalardı tuwrıdan-tuwrı, real halında aytpastan, pragmalıq usıldan sheber paydalanıw arqalı súwretlep beriwge háreket etkenligin kórsek boladı.

Barsam, qum sıyaqlı aq zattıń ústinde hámme talasıp atır.

- Ol oyınnıń bir túri. Bizde hámme jumıstı texnika atqaratuǵın bolǵannan keyin, adamlarǵa jumıs qalmadı. Al, jumıs islemeseń densawlıǵıńnıń mazası bolmaydı. Sonlıqtan usınday "qumsheker talası" degen oyın oylap taptıq. Bul háptesine bir eki márte bolıp turadı.Adamlar onda bir-biri menen iyterisip, túyisip, bir-biriniń eńsesine minip oynap, denelerin shınıqtıradı. Qan basımı jaqsılanadı. Etleri shımırı boladı. Bizde adamlardıń densawlıǵı mámleketlik ǵamxorlıqta. Sonıń ushın jaqında sol qumsheker oyınına qosımsha "sabın talası", "poroshok talası" degen oyınlar oylap tabıldı. Bul oyınlardıń túrleri elede kóbeytilip atır[2;26]. Joqarıdaǵı mısallarda ótken ásirde zamanımızdaǵı ayırım azıq-awqat hám tutınıw buyımlarınıń xalıq arasında jetispewshiligi, nátiyjede adamlardıń sawda orınlarında "úles", "pay" alıw ushın náwbetke turıwı hám bul náwbettiń izi júdá úlken bolǵanlıǵı nátiyjesinde adamlar arasında tartıslı hádiyselerdiń kóplep ushırasıwın tuwrıdan-tuwrı aytpay jasırın formada qollanǵan.

Kisemnen shaqqı aldım da, terektiń qabırshaǵın oyıp jaza basladım. Em ań-tań bolıp qarap turdı.

"Beknazar+Aysha, 1989-jıl, may ayı".

Aysha – bul hayalıma bildirmey ushırasıp turatuǵın súygiligim edi. Buyaqta kórip qoyatuǵın heshkim bolmaǵan soń, qorıqpastan jazdım.

- Ne dep jazdıńız? – dedi Em.

- Siziń planetańızǵa kelgen waqtımdı hám muxabbatımdı jazıp qaldırıp atırman.

- Onı jazıwdan qanday payda?

- Estelik ǵoy. Bizde kóbinese usınday jazıwdı úrdis etedi. Tereklerge, avtobuslarǵa, hájetxanalarǵa muqıyatlap jazıp qoyamız. Olar sonday jarasıp turadı[2;35]. Keltirilgen mısalda birinshiden, ayırım jaslar arasında ádep-ikramlılıq belgileriniń azayıp baratırǵanın, ekinshiden, tábiyatqa keltirilip atırǵan zıyanın túsinsek boladı.

Qaytarsın ózim atımdı jazıp qaldırǵan terekke urlanıp qarasam, jarısı quwray baslaptı. Biziń tereklerimizdiń janına saddaq! Óne boyına ashıq jer qaldırmay jazıp qoysań da, buwlıǵıp-buwlıǵıp óse beredi[2;36]. Bul qatarlar arqalı "terek" simvolında adamlardıń hárqanday miynetke, qıyınshılıqlarǵa shıdamlı bolǵanlıǵın kóz aldımızda sáwlelendirsek boladı.

Adamlar jámiyette jasaw procesinde onda belgili bir normalarǵa tiykarlanadı, sol jámiyetlik ortalıqqa sáykes túrde háreketlenip, ómirdegi bazı bir sociallıq minnetlerin orınlaydı. Hár qanday shaxs óziniń orınlap atırǵan jámiyetlik imkaniyatlarına muwapıq túrde belgili bir normalarǵa tiykarlanıp sóylew májbúriyatına iye boladı, bul sóylew bolsa sóylewshi óziniń orınlap atırǵan jámiyetlik wazıypaları haqqında maǵlıwmat beredi[4;64].

Tiykarında, Jerdegilerdiń hámmesi de az sóyleydi. Olardıń náhán qurıltaylardaǵı bayanlamalarınıń ózi de on-on bes minuttan aspaydı[2;38]. Bul qatarlar arqalı jazıwshı insanlardıń júdá kóp sóyleytuǵınlıǵı, jıynalıs májilislerdiń eki saat hátte onnanda uzaq waqıt dawam etetuǵınlıǵın jasırıp, sózlerdi basqa formada qollanǵan.

- El sonday táshwishsiz turmıs keshirip atır, - dedim biypárwa. – Birewdiń bir túyir zatına kóz alartatuǵın adam joq. Dúkanlarǵa, mámleketlik qaznalarǵa keshte qulıp urılmaydı. Jegenimiz aldımızda, jemegenimiz artımızda. Lekin, geyde ózimiz-aq jasırıp qoyıp, joq dep oylap, insapqa kelip qalamız[2;39]. Jámiyetimizdegi túrli insanlardıń bar ekenligi, olar arasında urılardıń, bazıbir insapsız, jermen insanlardıń da joq emesligi jasırın mánide kórkem etip súwretlep beriw arqalı jazıwshınıń shıǵarmasınıń tilinde pragmatikalıq belgilerdiń ónimli qollanılǵanın kórsek boladı.

- Qalay ósip-rawajlanıp atırsız?

- Óz-ózimizdi kritikalaw arqalı, - dedim. – Máselen, biz ólgenlerdiń qáteligin bet-júzine qaramastan, ashıq-áshkara aytamız.

- Tirilerdiń qátesin she?

- Bizde tiriler qátelespeydi[2;39]. Bul qatarlar arqalı jazıwshı insanlardıń ózin kemshiliksiz dep joqarı bahalawın, kewlindegi gáplerin tuwrı bet-júzine aytpay, sırtınan sóylewin, menmenlik, ósek bazı insanlardıń boyında bar bolǵan unamsız pazıylet ekenligin astarlı mánide kórkem etip súwretlegen.

Juwmaqlap aytqanda, M.Nızanovtıń "Jat jurttaǵı jeti kún" shıǵarmasında qollanılǵan leksikalıq birlikler, olardıń mánisiniń astındaǵı jasırın mániniń ózine tán tábiyatınıń bar ekenligi maqalamızda mısallar menen keltiriwge háreket ettik. Máni astındaǵı máni túsiniginiń payda bolıwı, ulıwmalıq hám jeke kórinisleri, sonday-aq máni astındaǵı mániniń presuppozitsiyadan ózgeshelik belgileri sıyaqlı bir qatar máseleler lingvistikalıq pragmatikanıń aktual máseleleri qatarına kiredi. Obyektiv dúnyadaǵı waqıya, hádiyse hám predmet haqqındaǵı maǵlıwmatlardı shıǵarma qaharmanı tilinde astarlı mánide, ashshı kúlki hám shınlıqtıń jasırınǵan formasında táriplep bergeni jazıwshınıń sheberliginen derek beredi.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Safarov Sh. Pragmalingvistika. – Toshkent, 2008.
2. Нызанов М. Таңламалы шығармалары IV том. – Нөкис, "Билим" баспасы, 2015.
3. Qazaqbaeva A. I.Yusupov poeziyasında leksikopragmatikalıq belgiler. "Salamat ana hám bala jámiyet tiregi" atamasındaǵı Respublikalıq ilimiy-ámeliy konferenciya materialları. – Nókis. 2016.

4. Ҳакимов М. Ўзбек прагмалингвистикаси асослари. – Тошкент, «Академнашр», 2013.